

Chapit 5. Prensip jeneral pou elèv  
Seksyon 5.1817

Règleman 5.1817 **Ekspilasyon Elèv**

1. **Definisyon.**— Ekspilasyon defini kòm "revokasyon dwa ak obligasyon yon elèv genyen pou ale nan lekòl piblik anba kondisyon komite dirijan distri lekòl la tabli, ak pou yon peryòd tan ki pa depase rès tèm oswa ane eskolè a, ak yon (1) ane adisyonèl prezans nan lekòl. Yo kab enpoze ekspilasyon yo avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl ak y ap rapòte yo kòm sadwa." Lwa Florid § 1003.01(6).
2. **Pwovizyon jeneral**
  - a. Tout ensidan disiplinè ki gen kòm rezilta yon rekòmandasyon pou ekspilasyon dwe kode kòm sa dwa nan paramèt matris disiplin Konsèy Administrasyon Distri lekòl la ki tabli nan Règleman 5.1812 ak 5.1813 epi yo dwe trete ann akò ak Règleman 5.1814, "Konsekans ki pi Sevè pou Zak Vyolans." Anplis, Lwa Florid § 1006.09(1)(c) pèmèt:

"Direktè/tris lekòl la oswa reprezantan l kapab rekòmande . . . ekspilasyon nenpòt elèv ki komèt yon vyolasyon grav kòd konduit la, ki gen ladan, men ki pa limite sèlman ak, dezobeyisans volontè, awogans kont otorite yon manb anplwaye li, vyolans kont moun oswa pwopriyete, oswa nenpòt lòt ak ki entewonp lòd konduit lekòl la. Yo kapab fè yon rekòmandasyon pou ekspilasyon oswa deziyasyon pou ale nan yon dezyèm lekòl pou nenpòt elèv yo jwenn ki te fè yon fo akizasyon entansyonèl ki antrave repitasyon pwofesyonèl, anplwa, oswa sètifikasyon pwofesyonèl yon pwofesè oswa lòt manb anplwaye lekòl la, dapre kòd komite dirijan distri lekòl la pou konduit elèv."
  - b. Menm jan lwa Florid 1006.13(4) egzije l la, Règleman sa a ap "pèmèt yo mete deyò, oswa plase nan yon lekòl altènatif oswa lòt pwogram, nenpòt elèv yo jwenn ki te komèt yon vyolasyon s. 784.081(1), (2), oswa (3) [bat grav, agresyon danjre, oswa bat yon manb komite dirijan an oswa anplwaye distri a], jan l apwopriye. Depi yo chaje elèv la pou ofans la, y ap retire l imedyatman nan saldeklas la ak plase l nan yon lekòl altènatif pandan l ap tann rezilta final."
  - c. Sèlman direktè/tris yon lekòl kapab rekòmande pou Sipèntandan ekspilasyon yon elèv. Nan ka kote se elèv yon lekòl semiprive, direktè/tris lekòl semiprive a ap fè rekòmandasyon ekspilasyon an bay kò dirijan lekòl semiprive a, epi si kò dirijan an apwouve rekòmandasyon an, yo menm y ap voye l bay Sipèntandan an.
  - d. Sèlman komite dirijan distri lekòl la kapab, pamwayen vòt nan yon reyinyon regilye oswa espesyal, ekspilasyon yon elèv ofisyèlman (ki gen ladan yon elèv kò dirijan yon lekòl semiprive rekòmande pou ekspilasyon) nan pwogram edikatif regilye sistèm distri lekòl la.
3. **Pwosedi odyans preliminè**
  - a. *Plasman elèv k ap tann ekspilasyon.*— Depi direktè/tris la fè desizyon rekòmandasyon pou ekspilasyon, elèv la ap resevwa yon sispansyon dis (10) jou pou l pa vin lekòl, ki se izaj pwosedi nan règleman 5.1815, ak resoumèt responsablite bay depatman Edikasyon Altènatif anba règleman 8.13. Responsablite sa a ap efektif jiskaske komite dirijan distri lekòl la vote ekspilasyon an ofisyèlman (ki ta dwe fèt ant swasant (60) jou kalandriye). Pandan peryòd sa a yon elèv kapab resevwa sèvis edikatif lekòl piblik sèlman atravè Depatman Edikasyon Altènatif.
  - b. *Lòt mezi.*—Jan lwa Florid § 1006.09(1)(c) egzije l, "Nenpòt rekòmandasyon pou ekspilasyon ap gen ladan l yon rapò direktè/tris oswa reprezantan l an detay sou mezi altènatif yo pran avan rekòmandasyon pou ekspilasyon an."
  - c. *Revizyon legal.*—Nan twa (3) travay, direktè/tris la ap voye pake rekòmandasyon pou ekspilasyon bay Depatman sèvis jiridik pou revizyon. Yon avoka nan depatman sèvis jiridik ap revize chak pake pou sifzans legal.

- i. Si avoka jwenn pake a pa legalman sifizan, li dwe enfòmè lekòl la sou ensifizans la. Si genyen enfòmasyon siplemantè disponib li kapab ajoute pou fè pake a legalman sifizan, li ta dwe rapidman pase enfòmasyon an bay depatman sèvis legal pou yon revizyon an pwofondè. Nan ka pake a pa kapab sibi yon revizyon legal nòmal, pwosedi pou mete elèv la deyò ta dwe pran fen, epi refere elèv la bay biwo nan depatman respektif li pou plase l nan pwogram lekòl regilye.
    - ii. Si yo estime pake a legalman sifizan, yo dwe voye l dirèkteman bay komite ki responsab pou analize ekspilsyon an avèk siyati yon avoka nan Depatman Sèvis Legal pou endike sifizans legal la.
  - d. *Komite pou analize Ekspilsyon.*—Yon komite ki fòmè avèk twa Direktè/tris oswa reprezantan yo ki soti chak nan yon lekòl primè elemantè, yon lekòl entèmedyè ak yon lekòl segondè, anplis yon administratè rejyonal/reprezantan yo seleksyone, ap rankontre yon fwa nan ane a nan mezi sa nesèsè.
    - i. Nan chak rankont komite a gen yon avoka Depatman Sèvis Jiridik k ap preside l, ki pa gen dwa pou l vote men ki disponib pou reponn kesyon konsènan zafè legal pou manb komite yo. Komite a dwe revize chak dosye ekspilsyon yo resevwa separeman soti nan Depatman Sèvis Jiridik la ak majorite vòt pou detèmine si yo dwe voye pake a bay Sipèentandan an pou l fè rekòmandasyon ekspilsyon an bay Konsèy Administration Depatman Edikasyon an.
    - ii. Si komite k ap egzamine ekspilsyon an refize fè rekòmandasyon bay Sipèentandan an, direktè/tris lekòl kote ensidan an pase a kapab fè apèl nan pwochen rankont komite a pou egzamine ekspilsyon an. Y ap pèmèt direktè/tris lekòl la prezante doleyans li sèlman jis nan pwochen rankont la (jeneralman aprè yon semèn) pou soumèt enfòmasyon anplis pou sipòte rekòmandasyon ekspilsyon an. Nan pwochen reyinyon sa a, komite a dwe revize enfòmasyon adisyonèl yo, ansanm avèk enfòmasyon orijinal pou detèmine si yo ta dwe voye l bay Sipèentandan an.
      - A. Si nan pwochè rankont la komite a refize transfere rekòmandasyon an bay Sipèentandan an, pwosedi rekòmandasyon pou ekspilsyon an fini, epi elèv la ap transfere respektivman nan biwo rejyon lekòl li a pou mete l nan pwogram lekòl regilye.
      - B. Si nan pwochè rankont la Komite a deside transfere rekòmandasyon an bay Sipèentandan an, pwosedi ekspilsyon an ap kontinye.
- 4. **Pwosedi sou garanti lalwa.**—Daprè lwa eta Florid. § 1002.20(4)(b), "elèv lekòl piblik ak paran yo gen dwa pou ekri yon nòt rekòmandasyon ekspilsyon, ki ladan l sanksyon kont elèv ak yon deklarasyon sou dwa elèv la pou yo tande doleyans pa l yo." Pwosedi ekitab gen ladan l revizyon nòt ak opòtinite odisyon.
  - a. **Remak.**—Elèv la, ak paran/responsab elèv la, Sipèentandan an ap rekòmande pou ekspilsyon an dwe resevwa yon lèt pou mete yo okouran sou desizyon rekòmandasyon ekspilsyon an. Y ap resevwa lèt sa a dis (10) jou aprè desizyon Sipèentandan an daprè lwa Eta Florid §§ 1006.07(1)(a) ak 1006.08, men ki enfòmasyon lèt sa a dwe gen ladan l:
    - i. Yon deklarasyon sou akizasyon yo rekòmande ekspilsyon an;
    - ii. Nòt ki eksplike dwa elèv la genyen pou l jwenn yon odisyon daprè lalwa eta Florid §§ 120.569 ak 120.57 pou l konteste rekòmandasyon ekspilsyon an.
    - iii. Nòt sou dwa elèv la genyen pou l jwenn yon avoka reprezante epi rele temwen pou temwanye nan odisyon ki fèt pou elèv la.
    - iv. Nòt sou pwovizyon Lwa Sunshine ak dwa paran an pou l mande pou jijman an fèt an piblik; si se pa sa, li ta dwe fèmen pou piblik la.
  - b. **Opòtinite pou yo tande w.**—Nenpòt elèv ki rekòmande pou ekspilsyon gen dwa pou l jwenn yon odisyon, pou l prezante vèsyon istwa pa l oswa pou l eksplike oswa demanti prèv yo prezante kont li, nan pa aksepte oswa negosye akizasyon yo.

Se responsablite reprezantan paran/responsab elèv la pou mande Depatman Sèvis Jiridik odisyon, nan tan presi—nan lespas (15) jou aprè resepsyon nòt pou rekòmandasyon an.

- i. Si yo pa fè rekèt la alè, yo estime elèv la abandone dwa l pou jijman; yo dwe voye rekòmandasyon an bay Komite dirijan distri lekòl la pou vòt; epi komite dirijan distri a ap jije akizasyon ki nan avètisman an se vre.
  - ii. Dapre AGO 2001-05, elèv la kapab fè yon rekèt pou yon jijman anba Lwa Florid § 120.57(1) lè genyen yon diskisyon sou fè materyèl oswa anba § 120.57(2) si pa genyen diskisyon sou fè materyèl. Nan youn nan ka sa yo, jijman an ap enfòmèl an nati epi règleman sou prèv yo ap aplike.
    - A. *Diskisyon sou Fè materyèl.*—Nan ka kote elèv la ap konteste yon pwoblèm materyèl tankou li ta nye li te komèt zak la jan yo akize l la, ofisye k ap fè jijman an ap sèvi tankou moun ki pou jwenn verite a. Se Distri lekòl la ki gen obligasyon pou li bay prèv. Lè genyen fè materyèl ki an diskisyon, chaj prèv la chita sou "preponderans evidans" sètadi, èske li rezonab pou konkli de tout evidans distri lekòl la ak elèv la ta soumèt ke elèv la te komèt vyolasyon yo akize l pou li a kòm baz ekspilsyon an. Aprè desizyon jijman an, ofisye k ap fè jijman an dwe bay yon rapò alekri sou fè ki pou jistifye evidans yo prezante yo apiye akizasyon kont elèv la (yo).
    - B. *Pa genyen diskisyon sou Fè materyèl.*—Lè elèv la pa diskite baz ki repoze sou fè pou rekòmandasyon ekspilsyon l, elèv la genyen dwa pou l ale nan jijman dapre Lwa Florid § 120.57(2), pou li adrese si wi ou non fè materyèl li pa diskite yo konstitiye yon vyolasyon Règleman Komite dirijan distri lekòl la, Règleman Komite dirijan edikasyon nan Eta a, ak/oswa Lwa Eta a oswa federal, ki fòme yon baz legal pou ekspilsyon.
  - iii. Malgre se Komite a ki dwe pran desizyon final sou rekòmandasyon Sipèentandan an, yon ofisye volontè pou jijman an ki sòti nan kominote a ap prezide jijman jan Règleman 4.114. la otorize sa.
    - A. Men pwoblèm legal ak ki baze sou fè ki ta dwe adrese nan jijman an ak nan ajannda rekòmande ofisye k ap fè jijman an : 1) Konklizyon ki baze sou fè Distri lekòl la—si elèv la te komèt zak la jan yo akize l la, nan jiridiksyon Distri lekòl la; ak 2) Konklizyon ki baze sou lalwa—si zak la konstitiye yon vyolasyon (Règleman Komite dirijan distri lekòl la, Règleman Komite dirijan edikasyon nan Eta a, ak/oswa Lwa Eta a oswa federal) ki fòme yon baz legal pou ekspilsyon. Konsènan sijè sa yo, elèv/reprezantan yo dwe bay prèv oral oswa dokiman, baz legal, oswa lòt materyèl ekri ki opoze ak aksyon rekòmandasyon ekspilsyon an.
    - B. Malgre ofisye k ap fè jijman an pa kapab antre an negosyasyon oswa rekòmande pou chanje penalite ekspilsyon an, yon pèn ki pi pitit, yo pa pèmèt elèv la pou li bay evidans oral ak ekri oswa dokiman pou sipòte li chanje penalite a, dapre Règleman F.A.C. 28-106.302(1), (2). Si yo estime diskisyon ki baze sou fè ak/oswa sou lalwa yo kapab baz pou chanjman pèn nan e ofisye k ap fè jijman an estime yo kredib, rekòmandasyon ta dwe rapòte sa sou yon lòt tit tankou "konsiderasyon pou yon Chanjman pèn kredib," san l pa fè rekòmandasyon sou chanjman nan pèn nan (menm jan desizyon ki te rekòmande a ap limite detèminasyon lalwa te pran pou konsidere si vyolasyon ki te fèt yo te chaje kòm akizasyon an gen fondman legal ase pou konsidere li kòm yon ekspilsyon). Sipèentandan an dwe pran enfòmasyon oswa agiman legal yo rapòte yo an konsiderasyon lè l ap prezante rekòmandasyon pou ekspilsyon an bay komite egzekitif la, epi komite egzekitif la dwe pran yo an konsiderasyon lè l ap aji sou rekòmandasyon an.
5. **Aksyon Komite Egzekitif sou Rekòmandasyon yo.**—Komite egzekitif la, nòmalman, vote pandan reyinyon regilye ki fèt pou mwa a sou rekòmandasyon Sipèentandan an pou mete deyò elèv yo t ap pousuiv atravè pwosè ki detaye an wo a; anplis, Lwa Florid. § 1006.08(1) otorize yon tèl aksyon nan yon reyinyon espesyal.

- a. Aprè ofisye responsab la fè chita tandè a avan reyinyon kote komite Distri a pral pase dènye lòd pou mete deyò a, elèv yo ak paran/responsab yo ak/oswa reprezantan yo kapab vini nan yon reyinyon prive, a uiklo ak manb komite Distri a dapre règleman 1.03(17) pou bay opinyon yo sou pinisyon yo rekòmande a, tankou si yo panse mezi ekspilasyon nan sikonstans sa a pa apwopriye oswa pou ta gen yon tèm ekspilasyon pi kout ki apwopriye. Kòmantè yon moun gen pou fè nan yon sesyon prive pa dwe depase (3) minit. Kòmantè yo dwe limite a sikonstans la sèlman. P ap gen jijman refèt pou sa ki gen rapò ak ensidan ki abouti a ekspilasyon. Komite Distri a vote sou ekspilasyon an epi lòd final la antre an aplikasyon san mansyone non elèv la oswa lòt enfòmasyon ki idantifye yon moun nan reyinyon jeneral ki fèt aprè sesyon a uiklo a.
- b. Si elèv la pa t mande yon chita tandè, elèv/paran an oswa responsab/reprezantan an ap gen chans pou yo di sa yo panse sou pinisyon yo rekòmande a pandan y ap fè kòmantè an piblik nan reyinyon kote komite Distri a ap pwononse dènye santans la. Menm jan ak lòt oratè ki pwononse yo sou eleman ajannda dapre règleman 1.03 a, elèv/paran oswa responsab legal/ reprezantan an kapab bay opinyon li nan reyinyon an (konsènan pinisyon yo pwopoze a).
- c. An konsideran rekòmandasyon Sipèntandan an, komite Distri a ta dwe, san patipri, konsidere ki sa pinisyon an ta dwe ye, selon jan li mansyone nan AGO 87-33.
- d. Aprè komite Distri a fin vote sou ekspilasyon an, y ap avize elèv/paran/responsab/reprezantan an sou desizyon yo pran an.
  - i. Si komite Distri a vote pou mete deyò, ap gen yon nòt ekspilasyon ki fèt paekri pou voye bay elèv/paran/responsab/reprezantan an. Nòt la ap eksplike longè ekspilasyon an, èske ekspilasyon an ap gen sèvis oswa p ap gen sèvis akonpaye li, ak ki bò elèv la pral resevwa sèvis edikatif la, si li aplikab. Y ap redui longè tan ekspilasyon an pou li kapab koresponn a tan ki te deja pase nan sant altènatif la, amwenske komite a vote yon lòt fason (tankou si ofans la se yon zak vyolan ki nan lis règleman 5.1814).
  - ii. Si komite Distri a vote pou deklèn ekspilasyon an, y ap voye yon nòt bay elèv/paran/responsab/reprezantan an epi y ap refere elèv la nan biwo respektif li pou replase li.

#### 6. Rantre Aprè Dat Ekspilasyon an Ekspire

- a. Lè dat ekspilasyon an ekspire, biwo zòn elèv la dwe replase elèv nan pwogram edikatif regilye Distri lekòl la. Se responsabilite elèv la ak paran/responsab oswa reprezantan li pou kontakte biwo zòn ki apwopriye pou replasman sa a kapab fèt.
- b. Aprè ekspilasyon an ekspire, okenn elèv pa dwe tounen nan lekòl kote ensidan an te egzije ekspilasyon an amwenske direktè/tris lekòl la te resevwa nòt epi li te gen opsyon pou li aksepte elèv la nan lekòl la ankò. Dapre lwa Florid §§ 1002.20(5) ak 1006.13(5), elèv ki te viktim nan kèk krim feloni lòt elèv te koze sou yo, menm jan ak fanmi elèv ki te viktim nan, dwe rete lwen elèv ki te ofanse li a lè l ap itilize transpò piblik.

OTORITE LEGAL: §§ 1001.41(2); 1001.43(1), 1006.07, 1006.09(1)(c)2.

LWA ANVIGÈ: §§ 1001.43(1)(e), 1002.20; 1006.07; 1006.08; 1006.09(1)(c)2; 1006.13, Lwa Florid.

DOSYE ISTORIK: Nouvo: 9/13/2004